

Fevriye 2020

Chè fanmi:

Dènyèman, yo detekte yon nouvo fòm viris coronavirus (novel corona virus) lakay plizyè milye moun nan mond lan, patikilyèman nan peyi Lachin. Yon "novel coronavirus" se pa yon tip viris yo te jwenn nan moun avan. Novel coronavirus sa a ka fè moun gen lafyèv, touse ak souf anlè.

Vil la ap suiv evolasyon epidemi an epi n ap travay avèk asosye nou yo nan Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC). Pou kounye a, Depatman edikasyon (DOE) Vil Nouyòk pa otorize okenn vizit nan Lachin anba patwonaj lekòl. Pwomnad lokal ap kontinye jan yo te prevwa yo a.

N ap asire w ou pa bezwen alame ni chanje woutin chak jou w nan okenn fason. Vil la ap suiv sityasyon an depre, epi nou ankouraje tout Nouyòkè pou yo pran menm prekosyon yo toujou pran nan sezon rim ak grip. Tanpri gade sa nou rekòmande yo pi ba a:

**Elèv ak estaf ki PAT ale Lachin tou dènyèman:**

Tout moun ta dwe kontinye mennen vi yo abitye mennen chak jou a ak san panik, men pratike menm prekosyon ou konn pran pandan sezon rim ak grip la:

- Si w poko pran vaksen kont grip la — pran l.
- Kouvri bouch ou ak nen w avèk yon mouchwa *tissue* (pa avèk men w) oswa manch rad ou lè w ap etènye oswa touse.
- Lave men w avèk savon ak dlo souvan — itilize dezenfektan pou men ki fèt avèk alkòl si dlo ak savon pa disponib.
- Rete lakay ou si w gen lafyèv oswa si w santi w pa pote w byen.

Kèk elèv ka vini nan lekòl la avèk mask nan figi yo. CDC pa rekòmande pou moun ki an sante itilize mask nan figi yo. Men, yo pa anpeche sa. Si mask pou figi a tounen yon distraksyon nan salklas la oswa nan kominote lekòl la, estaf lekòl la gen dwa mande elèv pou retire yo.

**Elèv ak estaf lekòl ki te ale Lachin tou dènyèman:**

Gouvènman federal la enpoze swa yon karantèn swa yon izòlman lakay ou (toudepan kote ou te ye Lachin lan) pou jiska 14 jou pou moun ki retounen soti Lachin apre 5pm EST 2 fevriye 2020. Sa vle di moun sa yo PA sipoze vin travay oswa lekòl pou jiska 14 jou apre jou yo kite Lachin lan.

Elèv ak estaf ki te kite Lachin avan 5pm EST 2 fevriye 2020, epi ki pa gen sentòm maladi, ka retounen lekòl imedyatman.

Nenpòt moun ki kite Lachin nan de dènye semèn ki sot pase yo epi ki gen lafyèv oswa tous oswa ki gen souf anlè dwe rele doktè yo pou pale sou sentòm yo ak kote yo te ale nan vwayaj yo a. Yo pa sipoze vini lekòl jiskaske yon doktè evalye yo epi di yo ke yo pa malad ankò.

Avèk pi bon sistèm sante nan mond lan nou genyen an, Vil Nouyòk pare pou reponn nenpòt ka coronavirus yo ta konfime. Nou priye tout Nouyòkè pou rete vijilan, epi si oumenm oswa yon moun ou konnen prezante sentòm yo epi nou te ale nan zòn Lachin ki afekte yo, tanpri al wè yon pwofesyonèl medikal.

Pou jwenn plis enfòmasyon, ale nan [nyc.gov/health/coronavirus](https://nyc.gov/health/coronavirus).

Avèk senserite,



Oxiris Barbot, MD

Komisè

Depatman Sante ak Ijyèn mantal Vil Nouyòk